

Fason Vaksen kont COVID-19 mRNA la mache

Pran vaksen an ede pwoteje ou, epi li gendwa pwoteje fanmi ak zanmi ou.

Yo te otorize de (2) vaksen kont COVID-19 Asid Ribonikleyik mesaje (Ribonucleic Acid messenger, mRNA) pou itilizasyon nan Etazini: Pfizer-BioNTech ak Moderna.




1. Bay enstriksyon

mRNA antre nan kò ou avèk enstriksyon pou fè yon ogmantasyon nan pwoteyin ke yo jwenn nan viris ki lakòz COVID-19 la.

2. Pwodwi

Kò ou fè yon ogmantasyon nan pwoteyin lan. Sa lakòz kò ou fè antikò.



3. Retire

Kò ou dekonpoze epi li elimine mRNA a.

4. Defann

Si viris ki lakòz COVID-19 la antre nan kò ou, antikò yo pral rekonèt ak konbat viris la, sa ki ap pwoteje ou pou ou pa malad.



Enfòmasyon sou Vaksen mRNA

- Vaksen kont COVID-19 yo te sibi gwo etid klinik ke Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) an ak lòt ekspè te revize. Vaksen yon te montre yo san danje ak trè efikas nan pwoteje moun kont maladi COVID-19 grav.
- Vaksen mRNA yo pa genyen viris ki lakòz COVID-19 la.
- Ou pa kapab pran COVID-19 nan vaksen yo.
- Vaksen yo pa kapab chanje ADN ou.

Pou plis enfòmasyon sou elijibilite, vizite nyc.gov/covidvaccinedistribution. Pou jwenn yon sit vaksinasyon epi pran yon randevou, vizite nyc.gov/vaccinefinder oswa rele **877-829-4692**.

Pou aprann plis sou vaksen kont COVID-19 yo, pale ak pwofesyonèl swen sante ou, vizite nyc.gov/covidvaccine oswa rele **311**.

